



SÈVIS TRADIKSYON

38, rue Dufort. Port-au-Prince, Haïti. Tél: (509)37068075/(509)41224615
E-mail: greska392@gmail.com

❖ TRADIKSYON KI ASÈMANTE OUBYEN KI PA ASÈMANTE

Nou bay sèvis nou yo an kreyòl ayisyen, franse, anglè ; pòtigè ak espanyòl

Majorite tradiktè nou yo prete sèman nan Tribinal Premye Enstans Pòtoprens lan, yo se espesyalis lengwistik ak pwofesè tradiksyon nan Invèsite Leta Ayiti a.

Montan tradiksyon an

Montan an depann de kantite mo ki gen nan tèks la, delè tradiksyon an ak tip dokiman kliyan an soumèt la. Konsa, nou kapab mande kliyan an pou li peye tradiksyon an sou baz kantite paj, mo oubyen yon montan global nou deja fikse selon tip dokiman an. An jeneral, kliyan an dwe prevwa 40 pou rive 70 dola pou yon paj.

N.B. Depi kliyan an genyen plis dokiman pou li tradui, nou ap mande li pou li peye mwens kòb pou yon paj si montan an se sou baz kantite paj nou kalkile li.

Kategori I- Tradiksyon asèmante – n ap mande soti 70 pou 90 dola /dok (montan fiks) – pou dokiman eta sivil ayisyen an ak lòt

1. Ak nesans
2. Ak maryaj
3. Ak divòs
4. Ak desè
5. Kazyè jidisyè
6. Sètifika bòn vi e mès
7. Tit sejou, eksepera.

Nou ap presize pou dokiman tankou lisans pou kondi, sètifika oubyen atestasyon asirans, nou ap pran mwens kòb nan men kliyan an (60 dola pou chak dokiman sa yo)

Kategori II- Tradiksyon diplòm, relve nòt ak lòt dokiman ofisyèl lekòl oubyen inivèsite bay. Soti 60 pou rive 80 dola ameriken/dokiman (Montan fiks)

- 1- Diplòm fen etid klasik (Filo, NS4...)
- 2- Diplòm inivèsite
- 3- Relve nòt fen etid klasik
- 4- Relve nòt inivèsite
- 5- Atestasyon lekòl klasik
- 6- Atestasyon inivèsite



SÈVIS TRADIKSYON

38, rue Dufort. Port-au-Prince, Haïti. Tél: (509)37068075/(509)41224615

E-mail: greska392@gmail.com

7- Bilten elèv pou egzamen ki pa ofisyèl yo

Kategori III- Tradiksyon asèmanse dokiman notè sètifye yo ak dokiman antrepriz yo

Nenpòt kontra oubyen ak notarye, pou li kapab genyen yon valè jiridik nan peyi etranje, li dwe sibi yon tradiksyon asèmanse. **Pri tradiksyon asèmanse yon kontra** depann de lang lan, kontni an ak fòm kontra a, ijans ki genyen nan tradiksyon an. Konsa, pou tradiksyon dokiman ofisyèl tankou yon kontra oubyen yon relve labank, nou ap kalkile pri a **apati 40 dola pou chak paj** oubyen, nan kèk ka, **n ap kalkile li sou baz mo** (soti 0,14 pou rive 0,19 dola pou chak mo ki genyen nan tèks sous la). N ap kenbe menm montan 40 dola pou chak paj la tou pou tradiksyon ofisyèl ak notarye yo: pwomès vant (akò vant), kontra vant, testaman, donasyon, kontra maryaj, manda...

Kategori IV- Tradiksyon tèks ki gen anpil paj yo : Memwa , liv, atik...

Nou ap kalkile montan tradiksyon dokiman sa yo sou baz kantite mo, kantite paj, sa depann de nati tèks yo (pragmatik, literè, espesyalize...), lang ak ijans ki genyen nan tradiksyon an. Kliyan an dwe mande yon fakti aprè nou fin evalye tèks li soumèt la/yo.

Kategori V- Tradiksyon tèks ki kout yo, san nou pa sètifye yo: Lèt pèsònèl oubyen administratif, cv, eksetera.

Nou ap kalkile montan tradiksyon dokiman sa yo sou baz kantite paj yo genyen. Nou ap mande soti 30 pou rive 50 dola pou chak paj.

❖ FASON POU JWENN YON FAKTI

Pou nou jwenn yon fakti rapidman, kontakte GRESKA nan adrès imel sa a greska392@gmail.com. Nou ap resevwa yon fakti gratis, epi nan kèk ka, nou ap jwenn tradiksyon an nan 2 oubyen 3 jou!

❖ DELÈ POU JWENN TRADIKSYON AN

Delè pou jwenn yon dokiman ki genyen twa paj oubyen pi piti pase twa paj se 2 oubyen 3 jou (jou nou travay). Nou kapab voye dokiman sou imel oubyen atravè lòt mwayen kliyan an mande.

❖ LÒT SÈVIS ESPESYAL NOU BAY

- 1- Ekspètiz kiltirèl ak lengwistik
- 2- Sentèz : rezime yon tèks nan yon lòt lang



SÈVIS TRADIKSYON

38, rue Dufort. Port-au-Prince, Haïti. Tél: (509)37068075/(509)41224615

E-mail: greska392@gmail.com

- 3- Fòmasyon nan lengwistik, tradiksyon ak metodoloji rechèch si gen moun ki kontakte nou nan sans sa a...

❖ PWOTEKSYON ENFÒMASYON KLIYAN YO

Puiske sekirite se youn nan priyorite nou, nou pran angajman pou nou pwoteje tout enfòmasyon kliyan yo ba nou yo. Tout estaf nou an gen pou obligasyon pwofesyonèl pou yo kenbe enfòmasyon kliyan yo an sekre. Sistèm enfòmasyon nou yo, menm jan ak achiv nou yo an sekirite, yo tout sou kontwòl nou.

❖ POUKISA YON MOUN DWE CHWAZI NOU

- 1- Nou fè bon kalite tradiksyon, pou yon ti pri
- 2- Nou disponib
- 3- Nou ap bay tradiksyon an rapid epi nan lè nou dwe bay li
- 4- Konpetans nou

- ❖ Gwoup Rechèch sou Sans nan Kreyòl Ayisyen (GRESKA) gen pou prensipal misyon pou li kreye yon espas echanj ak kolaborasyon pami chèchè ki enterese nan etid sans ak lòt aspè nan kreyòl ayisyen. Anplis gwo misyon sa a li genyen an, GRESKA bay sèvis tradiksyon nan lide pou li ede moun ak enstitisyon rezoud tout bezwen yo genyen nan zafè lengwistik ak komunikasyon nan nivo nasyonal ak entènasyonal.

